



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMÈ KAY ENÈJI EFIKAS KI BATI NAN FASON SA PA VETERAN YO POU VETERANS YO

Veteran yo devlope pwogram ki sipòte ewo militè nou yo nan Long Island avèk fòmasyon karyè, travay ak opòtinite lojman

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman premye kay zewo enèji ki pare Depatman Enèji, sa ki pral bati pa veteran yo pou veteran yo nan estasyon Huntington. Nan kad pwogram United Way of Long Island VetsBuild®, pwojè tankou sa ap ede veteran yo jwenn travay nan endistri konstriksyon vè la. Bati yon kay zewo enèji—young ki gen yon sistèm enèji renouvlab ki konpanse tout oswa pifò nan konsomasyon enèji anyèl li a—tradwi pratikman an fakti elektrik ki pa egziste. Anons sa se nan lonè Semèn Latè a, 19-25 Avril, sa Gouvènè Cuomo te pwoklame tankou tout semèn selebrasyon nan angajman New York pou pwoteje anviwonman nou an.

“Veteran nou yo te reponn apèl la e yo te mete bezwen lòt moun anvan pa yo, ak asire aksè a fòmasyon travay ak opòtinite lojman se yon fason tou piti nou ka kòmanse remèsye yo pou sèvis ansanm avèk vanyans yo. “Pwogram tankou VetsBuild jwenn patisipasyon tout kominote veteran an apati pwosesis konstriksyon pou rive nan rezidans, e lè nap bati zewo enèji nap konsyan de lavni.”

Rezidans vè, ki lokalize nan 40 Depot Road nan Estasyon Huntington, NY nan Konte Suffolk, pral kay plizyè veteran militè ki gen bezwen spesyal, e ale delavan VetsBuild prevwa pou l kreye apeprè 60 djòb ak bati senk kay Energy Star pa ane. Yon sibvansyon \$200,000 ki soti nan Depatman Deta New York finanse pwogram nan. Gade enfòmasyon yo [isit la](#).

Nan kad èd \$81.9 milyon eta ki pral sipòte 97 pwojè nan Konte Nassau ak Suffolk, United Way of Long Island te atribye \$600,000 sou yon peryòd twazan ki soti nan Depatman Deta New York pou VetsBuild nan kad inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo a. Patnè adisyonèl yo enkli Bank of America Charitable Foundation, Bethpage Federal Credit Union, Building Performance Institute Inc., State Department of Energy, GEICO, JP Morgan Chase Foundation, Knapp Swezey Foundation, L.I. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal, Rezo Nasyonal, New York State Energy Research and Development Authority, PSEG, ak United Veterans Beacon House.

Prezidan ak PDG United Way of Long Island Theresa Regnante te deklare, “Bati Kay sa enpòtan pou misyon nou, kòm li pral gen yon enpak enpòtan sou lavi veteran yo. Se objektif nou pou bay yon anviwonman lavi ki sen avèk depans fonksyonèl ki fèb. Imajine abite nan yon bon jan kalite kay, ki ansekirite ak pi konfòtab san bòdwo enèji ki pral dire pou plis pase 50 ane. Kay Zewo Enèji Depatman Enèji ki pare yo ap dirije chemen konstriksyon vè, e United Way of Long Island, grasa pwogram VetsBuild nou an, fyè dèske li se premye pou fè rèv sa vini reyalye pou anpil veteran ki merite l.”

Sam Rashkin, Achitèk Anchèf Biwo Teknoloji Konstriksyon nan Biwo Enèji Efikas ak Enèji Renouvlab pou Depatman Enèji te deklare, “Pwojè United Way Long Island se premye pwojè nan kalite sa ki sètifye anba pwogram DOE Zewo Enèji Ready Home. Se sèlman yon gwoup pami pi bon konstriktè yo nan peyi a ki reponn a nivo ekstra-òdinè ekselans ak kalite ki spesifye pa gid Depatman Enèji Etazini, men lefèt ke sa se yon kay ki pral bati pa yon gwoup veteran pou yon lòt gwoup veteran, defini pwojè konstriksyon sa apa.”

Frank Amalfitano, Prezidan & PDG United Veterans Beacon House te deklare, “Avèk yon estimasyon 12,200 veteran ki nan chomaj nan Long Island, pwogram VetsBuild la te ouvè opòtinite karyè pou anpil nan militè ewo sa yo lè li bay fòmasyon premye klas. Yon rezilta dirèk nan pwogram fòmasyon sa yo se DOE Zero Energy Ready Homes, tankou sa yo ki pral bati nan Estasyon Huntington pa patisipan yo nan pwogram fòmasyon VetsBuild.”

Sekretè Deta New York Cesar A. Perales te deklare, “Nou angaje pou asire ke New York kontinye pou l yon Eta Opòtinite pou tout moun. Envestisman nou an pral pèmèt veteran yo rete nan Long Island epi pwofite de karyè nan sektè konstriksyon vè la.”

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG, New York State Energy Research ak Development Authority te deklare, “DOE Zero Energy Ready Home sa pral sèvi kòm yon modèl enpòtan dirabilite e nou dwe konplimante moun sila yo ki te kolabore pou fè sa vini yon reyalye. Fòmasyon karyè ak edikasyon pou veteran yo ansanm avèk lòt enpòtan pou devlope yon mendèv nan enèji pwòp ki pral kondwi Eta nan direksyon yon avni enèjetik ki pi pwòp ak pi bon mache.”

Senatè Carl L. Marcellino te deklare, “Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sèvi veteran nou yo. Yo te mete lavi yo andanje pou pwoteje libète nou e poutèt sa nou dwe yo pandan tout lavi. Pwogram sa a se yon gwo fason pou bay fòmasyon travay ki pi nesèsè ak opòtinite isit la nan Long Island. Ajoute nan benefis anviwonman yon pwojè vè e li se yon viktwa endiskitab pou tout moun. Mwen kontan paske yo pral bati premye kay la nan Estasyon Huntington e map rete tann finisman.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Ki pi bon fason pou selebre Jounen Latè pase pou bay veteran yo opòtinite pou yo fòme pou bati lojman ki adapte avèk anviwonman an e apresya bay veteran nou yo opsyon lojman nou yo. Avèk Konte Suffolk ki vin kay pi gwo popilasyon veteran nan eta, li fè bon sans pou premye Kay Zewo Enèji

Pare Depatman Enèji Etazini bati nan Konte nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, reprezantan eta nou an, United Way of Long Island ak United Veterans Beacon House paske yo te kolabore nan inisyativ diy sa pou sipòte veteran nou yo.”

Sipèvizè Vil Huntington Frank P. Petrone te deklare, “Huntington fyè pou li lokal premye Kay Zewo Enèji Depatman Enèji ak pou sipòte efò sa a pou bay lojman ki pi nesèsè pou veteran yo ki gen bezwen spesyal. Huntington kontan tou pou l travay avèk United Way pou mete rezidan nou yo nan pwogram VetsBuild la pou bay veteran yo konpetans konstriksyon vè ki pral kenbe yo nan travay nan bilding kay demen yo.”

Pwogram United Way of Long Island Green Building te devlope pou bay mendèv demen an konpetans pou bati pwochen kominote yo nan Long Island ki te kite yon enprent ki pi leje sou anviwonman. Pou aprann plis sou [DOE Zero Energy Ready Home](#), [E3 SmartBuild Center](#) oswa UWLI’s [VetsBuild Training Program](#), vizite www.UnitedWayLI.org.

Enfòmasyon sou VetsBuild

VetsBuild se yon pwogram patenarya avèk United Way of Long Island ak United Veterans Beacon House pou ede veteran yo jwenn travay nan endistri konstriksyon vè la. Sibvansyon an ki soti nan Depatman Deta Eta New York pral elaji sèvis fòmasyon karyè pou veteran yo. San yo pa peye anyen, veteran yo pral jwenn fòmasyon pou opòtinite travay green collar nan enèji efikas, renouvlab, entenperizasyon, konstriksyon Energy-Star, pèfòmans kay, HVAC ak restorasyon nan kay la. Yo pral fè fòmasyon nan Sant Fòmasyon United Way’s E3 SmartBuild.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418